



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN PI GWO IZIN IDWOJÈN VÈT NAN ETAZINI

SOU-PÒS ELEKTRIK AK ENSTALASYON PWODIKSYON KABIRAN IDWOJÈN VÈT KI KOUTE 290 MILYON DOLA NAN KONTE GENESEE

Gwo investisman nan idwojèn vèt pou sipòte objektif enèji pwòp yo, pral kreye jiska 68 travay nan enstalasyon dènnye kri a

Pwojè a reprezante premye konstriksyon nan Pak Syantifik, Teknolojik ak Fabrikasyon Avanse Lwès New York la nan Vil Alabama

Investisman an ap Konplete Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke founisè teknoloji enèji altènativ prensipal la, [Plug Power](#), te kòmanse konstriksyon sou-pòs elektrik ak enstalasyon pwodiksyon kabiran idwojèn vèt dènnye kri ki koute 290 milyon dola nan Pak Syantifik, Teknolojik ak Fabrikasyon Avanse (Science, Technology and Advanced Manufacturing Park, STAMP) Lwès New York ki sitiye nan Vil Alabama, Konte Genesee. Plug Power, premye lokatè nan nouvo pak fabrikasyon an, ap finanse tou konstriksyon yon sou-pòs elektrik 450 megawat ki pral sipòte enstalasyon pwojeksyon idwojèn li ak opòtinite kwasans alavni nan STAMP. Kòm pi gwo enstalasyon pwodiksyon idwojèn vèt nan Nò Amerik la, izin lan pral pwodui 45 tòn metrik idwojèn likid vèt chak jou k ap sèvi rejyon Nòdès la. Lè li fin konstwi nèt, enstalasyon an pral ofri kliyan yo kabiran transpò antrepriz lan nan pri konpetitif pa rapò ak dyezèl, sa k ap ouvri wout pou dekarbonizasyon transpò machandiz ak lojistik ki sipòte chemen New York pou atenn netralite kabòn rive 2050. Anplis de sa, konpayi an te pran angajman pou kreye jiska 68 nouvo travay.

"Inovasyon sa a enpòtan anpil pou ekonomi yo nan Finger Lakes ak Lwès New York, nan kreye nouvo travay ak etabli rejyon an kòm yon destinasyon prensipal pou gwo fabrikan yo alavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo enstalasyon Plug Power a se pral pi gwo izin nan Nò Amerik la k ap pwodui idwojèn vèt, fè avanse objektif enèji vèt anbisye nou yo pandan n ap travay pou yon avni ki pi vèt".

Chwa anplasman pak fabrikasyon an ak desizyon Plug Power pou sitiye li la, te motive anpil pa aksè ak kouran idwolik bon mache nan Pwojè Enèji Niagara Otorite Enèji New York la ki nan yon distans mwens pase 48 kilomèt. Otorite Enèji a ap sipòte pwojè Plug Power a avèk ankourajman sa yo:

- Yon alokasyon 10 megawat kouran idwolik bon mache nan kad Pwojè Enèji Niagara a.
- 1.5 milyon dola nan pwogram Resèt Kouran Rejyon Lwès New York (Western New York Power Proceeds).
- 143 MW pisans ki gen Faktè Chaj Elve ke NYPA pral pwokire pou Plug Power sou mache enèji a, k ap bese radikalman bòdwo elektrisite yo atravè yon rediksyon nan chajè livrezon elektrisite yo.

Direktè Egzekitif Jeneral Plug Power a Andy Marsh te deklare, "Plug Power fyè pou li se lidè k ap konstwi ekonomi idwojèn vèt, kreye travay isit la nan Eta New York nou an. Rive 2025, rezo idwojèn vèt entèkontinantal nou an vize apwovizyone 500 tòn chak jou ak 1,000 tòn chak jou nan monn lan rive 2028. Nou remèsye responsab eli nou yo ak patnè nou yo pou lidèchip yo".

Empire State Development ap sipòte pwojè a tou avèk jiska 2 milyon dola nan Kredi Taks Excelsior la an echanj pou angajman nan kreyasyon travay. Konte Genesee ap bay asistans tou pou pwojè transfòmasyon a.

John R. Koelmel, Prezidan NYPA, te deklare: "Ouvèti STAMP lan se yon devlopman eksitan pou ekonomi rejyonal Lwès New York ak Finger Lakes yo. Otorite Enèji a fyè pou sipòte pwojè idwojèn vèt Plug Power a akòz, anplis nouvo travay ki kreye yo, konstriksyon sou-pòs elektrik la pral aji kòm yon katalizè pou anpil lòt biznis rejwenn pak fabrikasyon an".

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare, "Eta New York ap dirije nasyon an vè yon avni ki pi renouvlab ki konsantre sou ekselans nan enèji vèt. Nou aplodi ekspansyon ak angajman Plug Power pou kreye travay ekolojik bon kalite nan Finger Lakes ak Lwès New York pandan n ap kontinye ankouraje nouvo investisman ak devlopman ekonomik nan tout eta a".

STAMP se yon gwo sit 506 ekta ki sitiye nan sant pi gwo popilasyon, rechèch ak sant fòmasyon mendèv rejyon nò New York yo. Konekte avèk koridò teknoloji avanse New York atravè New York State Thruway, STAMP te fini konsepsyon ak enjeniri nan tout nivo sit la, epi tout apwobasyon nan nivo anviwònman ak divizyon zòn sou sit la pou etabli pwojè yo gen ladan fabrikasyon semi-kondiktè, fabrikasyon renouvlab, fabrikasyon byofama ak lòt endistri ki gen gwo kapasite. Gwo sit la sitiye yon fason estratejik nan zòn kouran idwolik bon mache NYPA a epi pral resevwa sèvis sous enèji renouvlab, fyab, ak gwo kapasite. STAMP te valide kòm yon pwojè priorite rejyonal dapre Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes (Finger Lakes Regional

Economic Development Council, FLREDC) la epi te jwenn sipò gouvènman lokal, rejyonal ak eta, ansanm ak biznis, inivèsite ak patnè sèvis piblik yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee a, Steve Hyde, te deklare, "Mennen Plug Power nan STAMP demontre kanpis 506 ekta nou an kapab yon destinasyon pou konpayi fabrikasyon avanse sou gwo echèl yo tankou enstalasyon fabrikasyon semi-kondiktè ak enèji renouvlab yo avèk investisman nan enfrastruktir kontinyèl Eta New York. Nou konfyan Gouvènè Hochul rekonèt enpòtans apwòch investisman sa a nan efò li yo. Vizyon li pou yon ekonomi enèji vèt dirab pou rejyon Nò Eta a pou bay fanmi yo travay dirab se yon bagay kle nan revitalize kominote nou yo kounye a ak alavni".

Ekspansyon Plug Power a fè pati estrateji konsantre li pou konstwi jiska sèt enstalasyon pwodiksyon idwojèn nan Nò Amerik rive 2022. Nan mwa janvyè, Plug Power te anonse l ap etabli yon Sant Inovasyon 125 milyon dola nan Konte Monroe, sa k ap kreye 377 nouvo travay. Enstalasyon an pral fabrike pake selil kabiran idwojèn pou motè selil kabiran idwojèn ProGen li yo ki itilize pou yon seri veyikil elektrik, ki gen ladan materyèl antretyen ekipman, veyikil flòt komèsyal sou wout yo ak dwòn yo. Konpayi an fonksyone tou nan yon enstalasyon nan Eastman Business Park nan Rochester epi kenbe syèj sosyal li nan Rejyon Kapital la.

Kouran idwolik bon mache Niagara a disponib pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de Pwojè Kouran Niagara NYPA a oswa biznis yo ki nan Konte Chautauqua. Kouran idwolik Niagara a lye ak plizyè dizèn milye travay ki la deja nan rejyon an. Prim finansman NYPA rive posib gras ak revni nèt ki soti nan lavant kouran idwolik ki pa itilize ki soti nan santral kouran NYPA Niagara a.

Senatè Charles Schumer te deklare, "Kòm premye lokatè nan Kanpis STAMP lan, Plug Power pral fondamantal nan etabli Konte Genesee kòm pwochen sant global pou endistri enèji pwòp la. Plug Power nan avangad inovasyon idwojèn vèt la epi travay li enpòtan pou reyalize ekonomi New York la ak avni enèji pwòp la. Mwen te travay di pou sipòte Plug Power ak STAMP nan chak pa sou wout la pandan yo t ap travay pou rive nan jou monimantal sa a, epi mwen fyè selebre yo jodi a pandan y ap pote travay, enèji pwòp ak devlopman ekonomik enpòtan pou rejyon Finger Lakes ak Lwès New York".

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Avèk ekspansyon kontinyèl Power Plug nan rejyon nou an, n ap wè avantaj investisman nan teknoloji ki pwouve ak inovatè ki kreye travay ki byen peye ak fè avanse priyorite enèji dirab New York yo. Mwen rejwenn tout patnè mwen yo pou akeyi dènye enstalasyon Plug Power a nan rejyon an epi mwen pa ka tann pou wè travay kontinyèl nan tèt ansanm ki pral ranfòse ekonomi lokal nou an ak leve tout kominotenou an".

Senatè Ed Rath te deklare, "Inovasyon Plug Power nan STAMP lan make yon gwo etap nan yon pwosesis sou plizyè ane. Mwen vle aplodi Kòporasyon Devlopman Ekonomik Konte Genesee a, Konte Genesee, Vil Alabama ak anpil responsab Devlopman Ekonomik atravè rejyon an ki te fè sa tounen yon reyalite. Siksè anjandre

siksè epi mwen konfyan investisman Plug Power nan kominote nou an pral sèvi kòm yon katalizè pou investisman alavni ak ekspansyon nan STAMP ak atravè tout rejyon an".

Manm Asanble Stephen Hawley te deklare, "Finalman wè inogirasyon yon pwojè si anbisyè ak inovatè nan STAMP, epi youn ki pral bay rezidan yo omwen 68 travay, ta dwe ranpli nou avèk fyète ak espwa pou avni endistri a nan New York. Pwodiksyon enèji pwòp enstalasyon sa a vize atenn ka sètènman itilize kòm ranp lansman ak enspire ankò plis konpayi teknolojik yo nan STAMP pou plante rasin yo isit la nan Lwès New York".

Prezidan Lejislati Konte Genesee, Rochelle M. Stein, te deklare, "Nou pral kontinye wè avantaj yo nan investisman ki fèt isit la nan Konte Genesee ak STAMP. Konpayi yo anboche nan pwòp lakou nou, moun yo ap deloje ak rete nan zòn nou an, epi ekonomi nou an gen yon enpak dirèk apati konpayi tankou Plug Power ki vini nan kominote nou an. Mwen kontan anpil pou wè Konte Genesee pwospere pou plizyè ane alavni. Sa pa t ap posib san direksyon Gouvènè Hochul, inovasyon Plug Power, kalite STAMP ak popilasyon Konte Genesee pou kreye yon senaryo ideyal pou fè pwojè sa avanse ak kreye travay pou timoun nou yo. Remèsiman pou nou tout pou travay di nou".

Sipèvizè Vil Alabama a, Robert Crossen, te deklare, "Nou te travay di anpil pou pwopoze yon sit ki adapte pou yon pwojè nan anplè sa a epi nou pa ka tann pou reyalize etap enpòtan yo pou devlope ak fè pwojè sa avanse nan kominote nou an. Etap enpòtan sa a fè avanse devlopman nan sit STAMP lan epi gras ak Plug Power, Gouvènè Hochul ak Konte Genesee dèske yo te fè plan sa a tounen reyalite. Vil nou an fyè dèske li te travay avèk patnè nou yo pou fè pwojè sa a tounen yon siksè epi nou pa ka tann pou wè plis aktivite nan STAMP".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Rochester a ak Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, te deklare, "Nou selebre ak felisite Plug Power pou inovasyon nan nouvo sou-pòs elektrik ak enstalasyon pwodiksyon kabiran idwojèn yo a, epi nou akeyi yo kòm premye lokatè nan Pak Syans, Teknoloji ak Fabrikasyon Avanse dènye kri nan Lwès New York. 68 nouvo travay nan enèji pwòp ki te kreye pral ede enèji ekonomi lokal nou an, pandan solisyon teknoloji dirab dènye kri yo pral ede plis repitasyon rejyon nou an kòm yon sant teknoloji ak pwogrè. Chanm Komès Greater Rochester a pa ka tann pou kontinye travay ansanm avèk Direktè Egzekitif Jeneral la, Andy Marsh, ak ekip Plug Power a pou asire siksè ak kwasans kontinyèl yo. Mèsi a Otorite Enèji New York la, Empire State Development ak Konte Genesee dèske yo ede rann pwojè eksitan sa a posib."

Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Desizyon Plug Power pou konstwi yon enstalasyon pwodiksyon idwojèn vèt dènye kri ak sou-pòs elektrik nan STAMP ranfòse fòs rejyon Greater Rochester, NY la kòm yon sant inovasyon enèji ki ekipe avèk talan trè kalifye, resous Rechèch ak Devlopman (R&D) klas mondyal ak yon mega sit ki konsevwa pou sipòte kwasans biznis yo.

STAMP se te sit ideyal pou ekspansyon sa a akòz ekipman inik li yo, sa gen ladan kouran idwolik fyab, bon mache ak apwovizyon idwolik san limit".

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Plug Power, ale sou: <https://www.plugpower.com/>.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

[Empire State Development](#) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou <http://www.regionalcouncils.ny.gov/> ak <http://www.esd.ny.gov/>.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov ak swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)